



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Commission Electorale Nationale Indépendante



CENI

IJAMBO RISHIKIRIJWE N'UMUKURU W'UMURWI W'IGIHUGU
WIGENGA UJEJWE GUTUNGANYA AMATORA MU GIHUGU COSE
(CENI) MU NAMA YO GUSHIKIRIZA ICESE IVYAVUYE MU MATORA
YO KU 20 RUSAMA 2020.

Hôtel Club du Lac Tanganika, igenekerezo rya 25 rusama 2020

Batumire bahire,

Bashingantahe bapfasoni,

Umwe wese mu cubahiro Imana yamuhaye

Tugire amahoro n'amatora meza,

Tugire amahoro, ubumwe, ubutungane n'iterambere kuri bose !

1. Imana ni Intango n'lherezho rya vyose, ntitwodebukirwa rero mu kwama tuyikengurukira ku rukundo rwayo ntangere, dukenguruka ibitangaza yama idukorera. N'uyu musu yaduhaye ubuzima, amahoro n'ingoga; yongera idushikana muri kino kibanza yaduteguriye. Nihabwe icubahiro ibihe bidashira!
2. Kw'izina ry'abo dusangiye ibanga no kw'izina ryanje nyene, nagomba munkundire ndabashimire cane mwebwe mwese mwitavye ubutumire, mwari mufise iyindi mirimo ariko mwacaguye kuba hano; turabashimira rero kuri ako kigoro; turabipfuriza no kuroranirwa igihe cose mumara hano.
3. Ku gihetangabo kigira kane kuva mu mwaka w' 2005, Uburundi bwategekaniye gutunganya amatora uyu mwaka w'2020. Igenekerezo rya 20 rusama rigenwa kuba isango ry'amatora atatu: Itora ry'Umukuru w'Igihugu, Itora ry'Abashingamateka n'itora ry'Abajenama b'amakomine. Ayo matora yose yaraye abaye, none uyu musu uri hejuru, ni iteka ku murwi w'igihugu wigenga ujejwe gutunganya amatora (CENI) kubashikiriza ivyayavuyemwo.

4. Ariko imbere yaho, twashaka:

- Kubanza gukengurukira cane abo bose bagize uruhara mu nteguro y'aya matora, no mu gukurikirana ukugene agenda. Aha twovuga uruhara Reta n'inzego z'igihugu zitandukanye zagize kugira iki gikorwa gihambaye gishoboke: zashizeho amategeko agenga amatora twisunze, zararondeye uburyo bwo kuyategura, zarafashe kandi mu mugongo intambwe zose z'integuro hamwe n'amatora nyezina. Umurwi CENI urakenguruka kandi uremeza ko uruhara rwa Reta n'inzego zayo rwabaye ntangere mu kugira aya matora abe meza nkuko bitegerezwa.
- Twoshimira kandi imigambwe ku kungene, kuva mu ntango, yakereye cane ano matora, maze ikitaba igihe cose bikenewe kandi tukama tuyaga duhuza, turayiteye intege, birerekana ko intwaro rusangi turiko turubaka mu gihugu cacu iriko ishingira imizi uko bukeye uko bwije.
- Abandi twokwemeza ko batanze intererano iboneka ni amashirahamwe yigenga hamwe n'amashengero. Turabashimira cane ku kwitanga mwerekanye mu kwigisha abenegihugu mu ntumbero yo kugira baje mu matora batekanye, birinda kujana nyabaturu, bazi gusobanura icatsi n'ururo, batahukiwe ku burenganzira bwabo nk'abenegihugu.
- Turashimira kandi benewacu mvamakungu, baba ngaha iwacu, muri kino gihe hateye ikiza c'ingwara cabujije ingendo mu makungu, mu kuba barabonye ko bikenewe, nk'incuti n'abagenzi, kudufasha urubanza ruhambaye rw'amatora mu

kuza kurorera ingene rugenda. Mwabaye ivyabona vy'igikorwa abarundi baranguye, murabivuga uko mwabibonye, mubwire abandi ko Uburundi buriko burakomeza intwari rusangi kandi buteye ku ntambwe ishimishije.

- Abo dushimira vy'umwihariko ni abenegihugu muri rusangi. Turabashimira ku vyiyumviro bitomoye twabasanganye, ivyiyumviro vyo gukomeza amahoro n'umubano mwiza. Twararonse akaryo ko kubonana nabo mu nteguro y'imbere y'amatora, maze barerekana ko bashaka amatora atekanye, umwe wese agatora mu mwidegemvyo. Natwe twarababariye tuti amatora azotekana bivuye kuri twe twese: mu kugira ubwa mbere inyifato ibereye, ubwa kabiri mu gukoresha imvugo iremesha, hamwe no mu guhinyura uruhendo rudukwegakwegera mu mabi. Twaraye twiboneye n'amaso yacu ko tutayaze amasigaracicaro kuko, iyo Uburundi buva bukagera, amatora yabaye mw'ituze. ***Ni iteka ku benegihugu, ni iteka ku Burundi.***

5. Munkundire kandi nce ku mayange integuro y'amatora, kandi nshimikira cane cane ku biringo bitatu:

- *Ica mbere ni ugushiraho amategeko aringaniza amatora ya 2020.*

Nkuko tubizi, amatora aba yisunga amategeko. Nico gituma nokwibutsa amategeko amwe amwe yisunzwe muri amatora:

- Ibwirizwa Shingiro ryatowe n'abenegihugu, hanyuma rigashirwako umukono ku wa 7 Ruheshi 2018;

- Ibwirizwa ryunganira ibwirizwa shingiro rishiraho amategeko agenga amatora ryo ku wa 20 rusama 2019;
- Itegeko ry'Umukuru w'igihugu riringaniza Umurwi w'igihugu wigenga ujejwe gutunganya amatora ryo ku wa 27 myandagaro 2018;
- Itegeko ry'Umukuru w'igihugu rigena abagize ibiro vy'Umurwi w'igihugu wigenga ujejwe gutunganya amatora ryo ku wa 31 myandagaro 2018;
- Itegeko ry'Umukuru w'igihugu rihamagarira abarundi kwitaba amatora yo ku wa 20 rusama ryo ku 20 ruhuhuma 2020;
- Itegeko ry'Umukuru w'igihugu riringaniza imyiyamamazo ryo ku wa 25 ndamukiza 2020.

➤ *Ikiringo ca kabiri ni ibikorwa bitegura amatora*

Imbere y'ibikorwa vyose, Umurwi CENI wabanje kwiyumvira no gushiraho ihangiro ry'aya matora, naryo twasanze ryoba "amatora meza, atekanye kandi atunganye". Iri hangiro ryaratumurikiye ku kungene twategerezwa kwifata mu nteguro yose; kukaba kwaranzwe cane cane no kuja inama n'ingingo n'abo vyega bose, ku ntambwe imwe imwe y'ibikorwa. Iyo nteguro irongera irangwa n'ibikorwa bitari bike. Muri vyo twovuga bimwe bimwe:

- Isekeza ryo kuganira n'abenegihugu tubibutsa ibijanye n'intwari rusangi ryadushikanye mu makomine yose y'Uburundi;

- Gushiraho no gutangaza ikirangamisi c'ibikorwa vyose vy'amatora. Aha nocishamwo ndabamenyeshya ko ata sango na rimwe ry'igikorwa ryasivye canke ngo ryunguruzwe;
- Gushiraho inzego z'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara, mu makomine, gushika ku biro vy'amatora
- Gutegekanya no kwegeranya ibikoresho, twisunze ko hateguwe amatora atatu,
- Kumenya no kwemeza urutonde rw'abazotora
- Kumenya abitoza
- Isekeza ryo kwigisha ingene abenegihugu bazotora: Kubera amatora atatu atari amenyerewe, Umurwi CENI wabonye ko vyoba vyiza bakomeje cane inyigisho z'ingene batora, mu ntumbero yo kugabanya amajwi y'impfagusa. Umurwi rero wararungitse intumwa gushika ku mitumba yose y'igihugu, izo ntumwa zikagenda zitwaje ibishushanyo vy'amakarata y'ugutora, maze zikabereka ukwo bazobigenza bari mu biro vy'amatora no mu bwiherero. Turemeza ko ico gikorwa cafashije kuko amajwi mpfagusa ntiyarenze urugero.
- Hari no gukurikirana imyiyamamazo; navyo vyaradufashije kuza turatanga impanuro zari zikenewe.

➤ *Ikiringo ca gatatu ni Amatora nyezina*

Amatora yo ku wa 20 rusama uheze, yari amatora atatu abera rimwe, kandi ryari irya mbere ngaha mu Burundi atunganywa gurtyo. Vyakeneye rero integuro inonosoye kugira ibintu bigende neza nkuko ryobaye ari itora rimwe canke abiri gusa. Iyo nteguro rero yabaye nziza cane kuko yatumye abenegihugu bitaba amatora ari benshi, amatora aba mu mutekano ntangere, baratora ata musunikano, bahereza ku gihe, kandi ata widoga ngo ntiyakiriwe. Uguharura amajwi kwabereye aho nyene ku biro vy'amatora, imbere y'abaserukira abitoza n'abarorerezi bose bavyipfuzwa, haratangwa ivyegeranyo ku baserukira abitoza bahari. Ibi bikerekana ko iryo harura ryabaye mu muco. Hanyuma ukwegeranya ibiharuro vy'amajwi vyabandanirije mu makomine; aho mbere biheze, ivyavuye mu matora mw'ikomine vyacye bitangazwa. Iryo tangazwa ry'ivyavuye mu matora mw'ikomine ryisunze ingingo ya 72 y'amategeko agenga amatora, kandi ni n'ikindi kimwe mu ngendo y'ugukorera ku mugaragaro. Ukwegeranya amajwi vyarabandanije ku rwego rw'intara, none uyu musu bigeze ku rwego rw'igihugu.

6. Mu kanya turabashikiriza ido n'ido ry'ivyavuye mu matora abiri: Itora ry'Umukuru w'Igihugu n'itora ry'Abashingamateka. Itangazwa ry'ivyavuye mw'itora ry'Abajenama b'amakomine, amategeko ategukanya ko ribera ku ntara imwe imwe yose mu gihugu.
7. Mukurangiza, nagomba nsubire ndabashimire ko mwitavye ubutumire, nibutse bamwe n'abandi ko ihiganwa iryariryo ryose rihereza ku rutonde, hakaba uwuza imbere n'abandi bakurikira.

Noneho mu ntwaro rusangi, iryo higanwa ryamaho, uwutagiye imbere uyu musu, buraca akahashika.

Nagomba no kwongera gukeza abarundi bese ku kungene bategereye ko amatora ari uburenganzira n'igikorwa cabo mu kwitorera imigambi yabanyuze. Ndabateye intege rero, muze mubandanye gurtyo no mu yandi matora ari imbere.

8. Mu guheraheza, nongere nsabe Uhoraho kugira azobandanye amurikira amatora asigaye, maze tuzoyarangize Abarundi dushima, duhana ikaze, iteka ritahe iwacu i Burundi.

Tugire amahoro n'amatora meza,

Imana ibahezagire.

Murakoze

